



# GID JENERAL ICRC

Komisyon Indiana sou Dwa Sivil (Indiana Civil Rights Commission) "ICRC"

## Kisa ki ICRC?

### Misyon nou

Komisyon Indiana sou Dwa Sivil la ranfòse Lalwa Indiana sou Dwa Sivil ak founi edikasyon ak sèvis pou piblik la nan yon efò pou asire opòtinite egal pou tout Hoosier yo ak moun k ap vizite Eta de Indiana a.

Karakteristik ki Pwoteje yo:

Se pa tout diskriminasyon ki ò lalwa, men nan Indiana, moun pa kapab refize yon moun opòtinite egal poutèt:

- Ras
- Relijyon
- Koulè
- Sèks
- Andikap
- Orijin Nasyonal
- Zansèt
- Pèsonèl Militè Aktif (nan akomodasyon piblik)
- Eta Fanmi (genyen timoun pi piti pase laj 18 lane, nan kad lojman)
- Estati Antanke Veteran (nan kad travay)
- Laj (nan kad travay)\*

\*Se DOL oubyen EEOC ki envestige sa a

## Kisa ki Diskriminasyon?

Pratik refize dwa egal ak yon moun ki byen kalifye pou rezon karakteristik moun nan ki pwoteje okontrè prensip libète ak egalite nan opòtinite. Aksyon konsa yo se yon fado sou objektif politik piblik epi nou pral konsidere yo kòm pratik ki diskrimine. IC 22-9-1-2(b)

Domèn Ranfòsman

ICRC aksepte plent diskriminasyon ilegal nan domèn sa yo:

- Lojman
- Travay
- Akomodasyon Piblik \*(restoran, otèl, magazen, pak, elatriye)
- Edikasyon
- Kredi

### Kijan pou depoze yon plent:

Rele, ekri, oubyen vizite ICRC anliy oswa an pèsòn.

SKANE KÒD QR LA POU  
ALE SOU PÒTAL NOU AN  
JODI A!



## Plent yo

Nenpòt moun ki kwè yo te sibi oubyen ki konnen yon moun ki te sibi diskriminasyon ilegal kapab depoze yon plent devan ICRC gratis. Fòk moun depoze dosye nan kad travay, edikasyon, kredi, byen imobilye, oswa akomodasyon piblik yo **nan lespas 180 jou** depi li fèt la. Plent pou lojman yo **dwe depoze nan lespas youn (1) lane** depi li fèt la.

## Jiridiksyon

ICRC ranfòse Lalwa Indiana sou Dwa Sivil (IC 22-9) avèk Lalwa Indiana sou Lojman Ekitab (IC 22-9.5). Jiridiksyon nou kouvri endividi, antite prive oswa piblik, founisè lojman, ak etablisman biznis ki andedan Eta de Indiana a.

## Pwosesis Depoze Plent

Indiana pwoteje sitwayen ak moun k ap vizite yo atravè lwa ak regilasyon ki vize **elimine diskriminasyon ilegal, ankouraje jistis ak egalite**, ak **anbrase konsèp enklizyon ak tolerans**.

Depi yon endividi fè akizasyon diskriminasyon ilegal, ICRC ranfòse Lalwa Indiana sou Dwa Sivil epi mennen yon investigasyon konpreyansif ki net.

### **Pwosesis plent lan ki genyen 6-etap kapab enkli:**

1. Resepsyon
2. Investigasyon
3. Rezolisyon Diskisyon Altènatif
4. Analiz ak Detèminasyon Legal
5. Òdonans Final

## Kontakte Nou

100 North Senate Avenue, Room N300

Indianapolis, IN 46204

Biwo: (317) 232-2600

Apèl Gratis: (800) 628-2909

Moun ki Mal pou Tande yo: (800) 743-3333

Faks: (317) 232-6580

Entènèt: [www.in.gov/icrc](http://www.in.gov/icrc)



Travay ki te founi baz pou piblikasyon sila a te apiye ak finansman anba yon Akò Koperatif avèk Ministè Lojman ak Devlopman Iben Ameriken an. Sibstans lan ak konklizyon travay la dedye ak piblik la. Se ekriven an avèk piblikatè a ki inikman responsab pou presizyon deklarasyon yo ak entèpretasyon yo ki nan piblikasyon sa a. Entèpretasyon konsa yo pa nesesèman reflète opinyon Gouvènman an.